

## KESYON MOUN POZE SOUVAN

### KEY TO NYC: EGZIJANS VAKSEN KONT COVID-19 POU ESPAS DIVÈTISMAN, LWAZI, RESTORASYON AK ANVIVÒNMAN FITNÈS ANNDAN YO

Pou ede kwape pwopagasyon COVID-19 la, Vil New York lanse *Key to NYC*, ki mande kèk etablisman pou verifye si pèsonèl ak kliyan yo vaksinen kont COVID-19.

#### Tab Matyè:

Kalite Etablisman ak Anviwònman.....	2
Verifikasyon Prè Vaksinasyon.....	3
Kalite Prè Vaksinasyon .....	5
Kalite Prè pou Idantifikasyon.....	6
Pankat ak Dokiman ki Obligatwa .....	7
Enplemantasyon Ekitab ak Akomodasyon Rezonab.....	8
Resous pou Biznis yo .....	9
Aplikasyon .....	9
Pran Vaksen.....	10

## Kalite Etablisman ak Anviwònman

### **Ki kalite antite ki dwe mande pou prè vaksinyon?**

Kèk kalite etablisman divètisman, lwazi, restorasyon, ak fitnès anndan yo oblije verifye si vizitè yo ak pèsònèl la vaksinen.

### **Ki espas yo konsidere ki “anndan”?**

Pou *Key to NYC*, espas “anndan” yo se espas ki gen yon twati oswa yon bagay ki kouvri li ak twa (3) oswa plizyè mi. *Men*, pou *Key to NYC*, yo konsidere estrikti sa yo kòm deyò, epi operatè yo pa oblije verifye estati vaksinyon:

- Estrikti ki sou yon twotwa oswa wout epi ki louvri nèt sou bò ki bay sou twotwa a, oswa
- Yon estrikti restorasyon deyò ki fèt pou pati endividyèl yo (tankou donm plastik) depi donm lan gen vantilasyon sifizan pou pèmèt sikilasyon lè a fèt.

### **Ki kalite espas divètisman anndan ki oblije respekte egzijans lan?**

Sal sinema, sal mizik oswa sal konsè, divètisman pou granmoun, kazino, jaden botanik, evènman komèsyal ak sal pou fèt, mize, akwaryòm, zou, arèn espò pwofesyonèl ak estad ki anndan, sant konvansyon ak sal ekspozisyon, espas pou reyinyon ak evènman nan otèl, sal teyat, sal bolin, akad, zòn jwèt anndan, sal biya, ak lòt sant jwèt pou lwazi.

Si yon sal gen alafwa pati anndan ak pati deyò anplennè, se pou sèlman pati anndan an egzijans *Key to NYC* yo ap aplike. Si yon mezon adorasyon ap lwe yon sal pou yon aktivite relijye, egzijans *Key to NYC* yo pa aplike pou li pandan evènman an.

### **Kiyès ki dwe respekte egzijans *Key to NYC* a lè yo ap lwe yon antite ki kouvri pou yon maryaj oswa lòt evènman?**

Sal evènman komèsyal ak sal fèt yo, ansanm ak espas pou reyinyon ak evènman nan otèl yo, dwe respekte egzijans *Key to NYC* yo. Se sal la ki responsab pou verifye si vizitè yo ak pèsònèl la vaksinen, se pa moun lan ni antite ki ap lwe espas la.

### **Ki kalite etablisman sèvis manje ki dwe respekte egzijans *Key to NYC* yo?**

Sa ki vini annapre yo oblije respekte egzijans yo, **sof si yo ofri sèvis manje a-anpòte oswa livrezon sèlman**:

- Tout etablisman sèvis manje ki fè pati pwogram klasman restoran Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York (NYC Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH) ki ofri restorasyon anndan oswa sèvis bwason, tankou:
  - Restoran yo
  - Ba yo
  - Kafè yo
  - Nayklèb yo
  - Etablisman restorasyon nan otèl yo, kolèj ak inivèsite yo, ak sant komèsyal yo
  - Kafeterya yo
- Biznis k ap jere chèz anndan nan espas restorasyon yo, tankou nan otèl ak sant komèsyal yo
- Biznis ki bay sèvis tretè sou plas yo
- Makèt, mache manje, bodega ak lòt detayan manje Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York (New York State Department of Agriculture and Markets) règleman yo si yo ofri zòn pou manje anndan sou plas

Si yon etablisman ofri sèlman plat manje a-anpòte, livrezon oswa restorasyon deyò anplennè, li dwe retire oswa bloke nenpòt tab anndan, chèz, oswa lòt mèb kliyan yo itilize nòmalman pou restorasyon anndan (pa egzanp, avèk pankat oswa tep) pou yo pa disponib pou yo itilize.

**Èske yon detayan manje tankou makèt, bodega oswa lòt mache manje dwe verifye prè vaksen?**

Sèlman pou kliyan ki itilize yon zòn pou chita manje anndan. Pa egzanp, yon makèt oswa bodega ki bay tab ak chèz pou kliyan yo chita epi manje anndan dwe verifye prè vaksinasyon pou nenpòt kliyan ki itilize zòn sa a, si biznis lan chwazi kenbe zòn sa a louvri.

**Ki kalite etablisman fitnès ki oblije respekte egzijans lan?**

Djim ak sant fitnès endepandan yo; djim ak sant fitnès ki nan otèl yo; djim ak sant fitnès ki nan enstitisyon etid siperyè yo; estidyo yoga, Pilat, dans ak ba; djim bòks ak kikbòksin; kan antrènman pou fitnès; pisin ki anndan; etablisman ki gen teren tenis anndan ak teren tenis ki kouvri; patinaj sou glas ki anndan; CrossFit oswa lòt bòks pliyometrik; ak lòt kote ki òganize kou fitnès an gwoup anndan.\*

Remak: Yo defini “kou fitnès an gwoup” yo kòm de (2) oswa plis patisipan yon monitè ap dirije.

**Èske Key to NYC aplikab pou anviwònman restorasyon anndan, espas divètisman ak fitnès ki nan kay oswa ki nan biwo yo?**

Key to NYC pa aplikab pou restorasyon anndan, espas divètisman ak fitnès ki nan anviwònman sa yo:

- Blding rezidansyèl prive yo lè etablisman sa yo disponib sèlman pou rezidan yo
- Blding ki gen biwo lè etablisman sa yo disponib sèlman pou pèsònèl biwo a
- Lekòl klas prematènèl jiska klas 12 yèm ane
- Sant pou moun aje
- Sant Kominotè
- Pwogram gadri

**Èske Key to NYC aplikab pou sèlman etablisman ki vann an detay ki pa gen restorasyon anndan, tankou magazen rad ak jwèt yo?**

Non. Si yon etablisman vann an detay sèlman, etablisman an pa oblije verifye pou prè vaksinasyon.

**E si yon etablisman genyen alafwa pati anndan ak pati deyò?**

Si yon etablisman genyen alafwa pati anndan ak pati deyò (pa egzanp, yon sant fitnès anndan ki gen yon pisin deyò oswa yon mize ki gen espas anndan ak deyò pou kliyan), se pou sèlman pati anndan an egzijans Key to NYC ap aplike.

**E si yo itilize yon etablisman pou biwo vòt pou fè yon eleksyon?**

Ou pa ta dwe egzije prè vaksinasyon pou okenn moun ki antre nan etablisman w lan pou li vote, pou li akonpaye yon elektè, oswa pou l obsève eleksyon an.

**[Verifikasyon Prè Vaksinasyon](#)**

**Kiyès ki dwe montre prè vaksinasyon?**

Anplwaye, kliyan, estajyè, kontraktyèl, ak volontè nan etablisman *Key to NYC* yo dwe montre prè vaksinasyon. Apati 14 desanm 2021, kliyan ki gen laj senk lane ak plis yo pral dwe montre prè vaksinasyon. Pou konnen ki prè vaksinasyon ki sifizan yo, gade kesyon anba a, "Ki kalite prè vaksinasyon ki sifizan?"

Biznis yo ka kenbe yon dosye sou moun ki te bay prè vaksinasyon deja yo, olye pou yo mande li montre prè la chak fwa moun lan ap antre nan etablisman an. Biznis yo pa bezwen anrejistre okenn enfòmasyon medikal, men yo ka kenbe dosye elektwonik yo oswa yon rejis papye ki gen ladan enfòmasyon tankou non kliyan an, kalite prè vaksinasyon yo bay, dat yo te bay prè sa a, ak non anplwaye ki te verifye prè sa a. Si yon biznis chwazi kenbe enfòmasyon sa yo nan dosye olye li verifye kliyan regilye yo, pratik sa a ta dwe anrejistre nan plan biznis lan ki dekri pwotokòl antite ki kouvri a pou li aplike ak fè respekte egzijans *Key to NYC* yo.

Biznis yo gen egzijans siplemantè sou kenbe dosye pou travayè yo. Tanpri gade kesyon anba a, "Ki dokiman mwen dwe konsève?" nan paj 8 la.

**Èske mwen oblije verifye prè vaksinasyon pou kontraktyèl ki pa viv nan Vil New York? Wi.****E moun ki gen mwens pase laj 5 lane ki pa elijib pou vaksinasyon nan New York?**

Moun ki gen mwens pase laj 5 lane yo ka antre nan etablisman *Key to NYC* yo san yo pa montre prè vaksinasyon, depi yo mete mask, sof lè y ap manje ak bwè. Yo pa egzije timoun laj 2 lane ak mwens yo mete yon mask.

**E moun ki gen plis pase laj 5 lane ki nan yon pwonmad eskolè oswa k ap patisipe nan yon pwogram apre lekòl?**

Moun ki gen laj 5 lane ak plis yo ka rantre nan etablisman *Key to NYC* yo san yo pa montre prè vaksinasyon lè y ap antre pou patisipe nan yon pwogram lekòl oswa apre-lekòl ke yon ajans Vil la oswa lekòl yo a patwone, depi yo mete mask nenpòt lè yo p ap manje oswa bwè. Men, elèv Depatman Edikasyon (Department of Education) ak lekòl piblik endepandan (charter) yo k ap patisipe nan aktivite ekstra-eskolè ki gen gwo ris yo dwe pran vaksen.

**Èske moun yo kapab itilize twalèt la oswa yon vestyè pou yo chanje rad san yo pa montre prè vaksinasyon?**

Wi, depi yo mete mask.

**Èske mwen oblije verifye prè vaksinasyon pou founisè oswa vandè yo?**

Ou PA oblije verifye prè vaksinasyon pou moun ki ap fè livrezon oswa ki vin pran, pou moun ki antre etablisman an sèlman pou yo fè reparasyon ki nesèsè, oswa pou moun ki vin pran bagay tankou manje pou anpòte oswa pou livre. Moun sa yo dwe mete mask.

**E atis ki parèt nan yon sal espektak anndan oswa nan etablisman sèvis manje ak moun ki akonpaye yo nan kad travay regilye yo — èske mwen dwe verifye prè vaksinasyon pou yo?**

Wi, si yo se rezidan Vil New York oswa etablisman *Key to NYC* a anplwaye yo regilyèman. Nenpòt lòt atis, oswa moun ki akonpaye atis sa a, pa bezwen bay prè vaksinasyon.

**E atlèt pwofesyonèl ki parèt nan yon zòn anndan yon estad espò oswa arèn ak moun ki akonpaye yo nan kad travay regilye yo — èske mwen dwe verifye prè vaksinasyon pou yo?**

Wi, antite ki kouvri yo dwe verifye prè vaksinyasyon pou atlèt pwofesyonèl yo, ansanm ak atlèt kolèj yo, ak nenpòt moun ki akonpaye yo nan kad travay regilye yo **sof si** moun sa yo **pa** viv nan Vil New York epi yo ap antre nan antite ki kouvri a pou yo patisipe nan yon konpetisyon pwofesyonèl oswa konpetisyon pou atlèt nan kolèj. Jwè ak pèsone "èkip lokal" Vil New York la dwe vaksinen kèlkeswa kote yo ap viv la.

## Kalite Prè Vaksinyasyon

### **Ki kalite prè vaksinyasyon ki sifizan?**

Apati 27 desanm 2021, kliyan ki gen laj 12 lane ak plis yo dwe montre yo te resevwa yon dòz konplè yon vaksen [Administrasyon Manje ak Medikaman Etazini \(Food and Drug Administration, FDA\)](#) oswa [Òganizasyon Mondyal Lasante \(World Health Organization, WHO\)](#) otorize oswa nenpòt kandida pou vaksen kont COVID-19 ki aktif (se pa plasebo) ki fè pati yon esè klinik ki Ozetazini.

- FDA: <https://www.fda.gov/emergency-preparedness-and-response/coronavirus-disease-2019-covid-19/covid-19-vaccines>
- WHO: <https://www.who.int/emergencies/diseases/novel-coronavirus-2019/covid-19-vaccines>

Pou kliyan ki gen laj 12 lane oswa plis, yon dòz konplè yon vaksen kont COVID-19 gen omwen de (2) dòz de yon vaksen de (2) dòz tankou vaksen Pfizer oswa Moderna, oswa yon dòz vaksen yon sèl-dòz, tankou vaksen Janssen/Johnson & Johnson.

Timoun ki gen laj 5 a 11 lane bezwen sèlman yon sèl dòz jiska 28 janvyè 2022. Apati 29 janvyè 2022, timoun laj 5 a 11 lane pral dwe montre prè yon dòz konplè vaksen kont COVID-19, menm jan ak moun ki gen laj 12 lane ak plis yo.

Timoun k ap gen laj 5 lane jouk apre 13 desanm 2021 gen jiska 45 jou apre anivèsè nesans yo pou yo vaksinen konplètman.

	Prè yon dòz	Prè dòz konplè
Timoun laj 5 a 11 lane	Wi, men sèlman <b>jiska 28 janvyè 2022</b>	Wi, apati <b>29 janvyè 2022</b>
Laj 12 lane ak plis	Wi, men sèlman <b>jiska 26 desanm 2021</b>	Wi, apati <b>27 desanm 2021</b>

Ou ka montre prè sifizan lè w montre:

- Yon foto oswa yon kopi papye kat vaksinyasyon CDC yo
- Aplikasyon NYC COVID Safe
- Aplikasyon New York State Excelsior
- Kat Vaksen Nimerik CLEAR la, Lese Pase Sante CLEAR
- Dosye vaksen ofisyèl
- Yon foto oswa kopi papye yon dosye vaksinyasyon ofisyèl yon vaksen yo bay an deyò Etazini pou youn nan vaksen sa yo<sup>1</sup>: AstraZeneca/SK Bioscience, Serum Institute of India/COVISHIELD ak Vaxzevria, Sinopharm, oswa Sinovac.

<sup>1</sup> Anvigè efektif 14 out 2021.

**E si yon moun refize montre prè vaksinasyon nan yon etablisman Key to NYC?**

Yon moun ki refize montre prè vaksinasyon epi ki pa t benefisye yon akomodasyon rezonab jan sa dekri anba a (konsilte seksyon "Enplemantasyon Ekitab ak Akomodasyon Rezonab" ki anba a) pa ka antre eksepte pou fè bagay ki rapid ak limite anpil (tankou itilize twalèt, vin pran manje, peye yon bòdwo, oswa chanje rad nan yon vestyè). Lè moun yo ap antre nan yon sal pou fè bagay ki limite, yo dwe mete mask.

**Ki enfòmasyon kat vaksinasyon entènasyonal yo dwe genyen ladan yo?**

Yon dosye vaksinasyon ofisyèl ki gen ladan sa ki vini annapre yo ka montre prè vaksinasyon pou vaksen yo bay an deyò Etazini:

- Prenon ak siyati
- Dat nesans
- Non pwodui vaksen (egzanp: AstraZeneca/SK Bioscience)
- Dat yo bay li (yo)
- Sant kote yo te bay vaksen an oswa moun ki te bay vaksen an
  - Pou moun ki vaksinen an deyò Etazini, yo ka endike peyi orijin lan kòm sant kote yo te bay vaksen an

Pou jwenn enfòmasyon ki pi resan sou vaksen OMS otorize pou itilize annijans yo, ale sou sitwèb OMS nan <https://www.who.int/emergencies/diseases/novel-coronavirus-2019/covid-19-vaccines>.

**Èske mwen oblije verifye si prè vaksinasyon an reyèl?**

Non.

**E si yon moun prezante yon fo kat vaksinasyon?**

Si ou sispèk yon moun prezante yon fo kat vaksinasyon, ou ka rapòte sa lè ou rele 311, denonse li bay Pwokirè Jeneral Eta New York (NYS Attorney General) lè w depoze yon plent sou: <https://ag.ny.gov/complaint-forms>, lè w rele nan 833-VAX-SCAM (833- 829-7226), oswa lè w voye yon imèl bay Depatman Sante (Department of Health) eta a nan [STOPVAXFRAUD@health.ny.gov](mailto:STOPVAXFRAUD@health.ny.gov)

**Èske yon etablisman Key to NYC ka adopte yon politik ki pi estrik epi mande pèsònèl la ak kliyan yo pou yo vaksinen konplètman pou antre nan etablisman mwen an?**

Wi. Etablisman Key to NYC yo ka depase egzijans Key to NYC yo epi mande vaksinasyon konplè oswa lòt mezi pwoteksyon, men, kòm toujou, yo ta dwe konsidere akomodasyon rezonab ki apwopriye pou pèsònèl ak kliyan ki pa t vaksinen pou rezon ki gen pou wè ak yon maladi oswa kondisyon medikal, menm jan an tou pou pèsònèl ki pa t vaksinen pou rezon ki gen pou wè ak kwayans relijye. Pou plis enfòmasyon sou akomodasyon rezonab, konsilte "Enplemantasyon Ekitab ak Akomodasyon Rezonab" ki nan seksyon anba a.

**Kalite Prè pou Idantifikasyon****Èske mwen oblije verifye lòt pyès idantite anplis prè vaksinasyon an?**

Wi. Yo dwe montre pyès idantite ki genyen menm enfòmasyon pèsònèl ak prè vaksinasyon an tou. Men, timoun ki gen mwens pase laj 18 lane pa bezwen montre pyès idantite.

**Èske mwen dwe verifye pyès idantite pou tout moun?**

Ou dwe verifye pyès idantite nenpòt moun ki sanble li gen laj 18 lane oswa plis. Ou dwe verifye pyès idantite sa a nan menm moman w ap verifye prèv vaksinasyon pou antre nan yon espas anndan. Anplis, ou ka verifye pyès idantite pou moun ki gen mwens pase laj 18 lane men ou pa oblije fè sa. Ou pa bezwen verifye pyès idantite kliyan regilye yo pou chak vizit si ou gen dosye elektwonik oswa dosye papye ki montre kliyan sa yo te deja montre prèv vaksinasyon ak pyès idantite.

Anplis, ou pa bezwen verifye pyès idantite pou moun, tankou anplwaye oswa manm yon estidyo fitnès oswa enstitisyon kiltirèl, si ou konpare prèv vaksinasyon ak dosye idantite ou konsève deja pou moun sa a.

### **Kisa pyès idantite a dwe genyen ladan l?**

Pyès idantite a dwe pèmèt ou konfime moun ki mande antre a se menm moun ki refilete sou prèv vaksinasyon an. Sa vle di pyès idantite a dwe genyen swa:

- Non moun lan ak yon foto moun lan; swa
- Non moun lan ak dat nesans moun lan.

Epi ou dwe konpare non ak foto oswa dat nesans lan avèk sa ki afiche sou prèv vaksinasyon an.

### **Ki egzanj fòm pyès idantite ki akseptab?**

Egzanj fòm pyès idantite ki akseptab yo gen ladan men se pa sa yo sèlman:

- Lisans chofè
- Kat idantite gouvènman ki pa lisans chofè
- Kat IDNYC
- Paspò
- Kat idantite lekòl oswa travay

Moun yo ka montre kopi dokiman idantite yo tou, tankou yon foto sou telefòn yo oswa lè yo itilize yon aplikasyon tankou NYC Covid Safe ki pèmèt yo montre yon kopi dokiman an.

### **Pankat ak Dokiman ki Obligatwa**

#### **Èske gen yon pano obligatwa?**

Wi. Yon etablisman *Key to NYC* kouvri dwe afiche yon pankat ki avèti anplwaye ak kliyan yo sou egzijans pou vaksinasyon an. Yon etablisman ka afiche yon pankat Depatman Sante Vil New York kreye, ki disponib anliy sou [nyc.gov/keytoNYC](https://nyc.gov/keytoNYC) oswa lè li rele 311, ki pral voye pankat la gratis pa lapòs. Pankat la disponib nan plizyè lang.

Yon etablisman ka kreye pwòp pankat pa li tou, ki dwe omwen gen dimansyon 8.5 pa 11 pou, li dwe itilize omwen karaktè 14 pwen, epi li dwe gen tèks sa a: “*Vil New York mande pèsonèl ak kliyan ki gen laj 5 lane ak plis yo pou yo vaksinen kont COVID-19 pou yo ka antre nan etablisman sa a. Pou jwenn kote pou w al pran yon vaksen kont COVID-19 gratis [ale sou nyc.gov/vaccinefinder](https://nyc.gov/vaccinefinder) oswa rele nan 877-VAX-4NYC (877-829-4692). Pou jwenn plis enfòmasyon sou Key to NYC, ale sou [nyc.gov/keytoNYC](https://nyc.gov/keytoNYC).”*

#### **Ki kote mwen dwe afiche pankat la?**

Ou dwe afiche pankat la yon kote pou kliyan yo kapab wè li fasil anvan yo antre nan espas anndan an.

#### **Ki dokiman mwen dwe konsève?**

Ou dwe genyen yon plan enplemantasyon ki dekri fason ou pral verifye prè vaksinasyon pou pèsonèl la ak kliyan yo. Plan an dwe sou plas epi disponib pou yo enspekte li. Yon antite ki kouvri ki jere menm kalite lokal ki kouvri yo nan plizyè kote ka gen yon plan ki aplikab pou tout kote yo men li dwe asire li kenbe yon kopi plan an nan chak kote yon fason pou li kapab bay li pandan yon enspeksyon.

Ou dwe tou swa: (a) verifye prè vaksinasyon travayè ou yo chak lè yo vin nan travay la, epi konsève yon dosye ki di ou te verifye, oswa (b) konsève yon dosye prè vaksinasyon travayè ou yo. Ou ka wè li pi fasil pou itilize premye opsyon an si travayè yo ansanm avè w sèlman pou kèk jou. Selon dezyèm opsyon an, ou kapab konsève dosye yo egzijè yo lè w fè yon kopi oswa fè yon foto kat vaksinasyon CDC yo a oswa yon lòt vèsyon prè ki akseptab (gade kesyon ki anba a, "Ki kalite prè vaksinasyon ki sifizan?" nan paj 5). Si ou chwazi revize prè yo ak note enfòmasyon vaksinasyon yo, ou pral oblije kreye yon dosye sou papye oswa elektwonik ki genyen enfòmasyon sa yo pou chak travayè:

1. non travayè a; ak
2. si moun nan konplètman vaksinen; epi
3. pou travayè ki soumèt prè premye dòz yon vaksen ki gen (2) dòz, yo dwe bay dat prè dezyèm dòz la, ki pa dwe pi ta pase 45 jou apre yo te soumèt prè premye dòz la.

Si nenpòt nan travayè ou yo ap travay san yo pa t vaksinen paske ou te apwouve yon akomodasyon rezonab pou yo, w ap gen pou konsève yon dosye ki endike lè ou te akòde akomodasyon rezonab lan, rezon ki motive l la, ak tout dokiman jistifikatif travayè a te bay pou akomodasyon rezonab la. Tanpri konsilte kesyon anba a, "Èske mwen dwe bay kliyan ak anplwaye yo akomodasyon ki rezonab?" pou plis enfòmasyon sou akomodasyon rezonab ak konsèvasyon dosye.

Finalman, si ou anboche yon kontraktyèl, ou pa bezwen konsève yon dosye estati vaksinasyon pou kontraktyèl la. Ou ka mande pito patwon kontraktyèl la konfime kontraktyèl la vaksinen. Men, ou dwe konsève yon dosye demann ou a ak konfimasyon patwon kontraktyèl la ke kontraktyèl la vaksinen.

### **Kijan mwen dwe trete dokiman m dwe konsève yo?**

Ou dwe kolekte ak estoke tout enfòmasyon sou vaksinasyon yon fason sekirize pou garanti pwoteksyon konfidansyalite ak sekirite enfòmasyon yo. Enfòmasyon sa yo dwe aksesib sèlman ak anplwaye oswa lòt moun ki gen yon bezwen lejitim pou aksede ak enfòmasyon sa yo pou respekte òdonans sa a oswa lòt òdonans, lwa oswa règleman gouvènmanal. Yo pa dwe itilize enfòmasyon sou vaksinasyon yo pou okenn lòt objektif.

### **Èske mwen ka ekri plan enplemantasyon mwen an nan yon lang ki pa Anglè?**

Ou pa oblije ekri plan enplemantasyon an nan lang Anglè. Ou ka ekri plan enplemantasyon an nan nenpòt ki lang.

### **Enplemantasyon Ekitab ak Akomodasyon Rezonab**

#### **Èske mwen dwe bay kliyan ak anplwaye yo akomodasyon ki rezonab?**

Chak biznis Key to NYC ta dwe konsidere akomodasyon rezonab ki apwopriye pou kliyan ki pa t vaksinen pou rezon ki gen pou wè ak yon andikap, epi pou pèsonèl ki pa t vaksinen pou rezon



ki gen pou wè ak andikap, kwayans relijye, gwosès oswa ak yon estati viktim vyolans domestik, deli seksyèl oswa asèlman, avèk konsiderasyon sou objektif ki dèyè politik sa a ak sante piblik la.

Pou jwenn plis enfòmasyon, rele liy dirèk Sèvis pou Ti Biznis lan nan 888-SBS-4-NYC oswa li fich enfòmasyon CCHR yo. [Guidance for Employers on Equitable Implementation of COVID-19 Vaccine Requirements](#) (Direktiv pou Patwon sou Egzijans Enplemantasyon Ekitab Vaksen kont COVID-19 la) ak [Guidance for Public Accommodations on Equitable Implementation of COVID-19 Vaccine Requirements](#) (Direktiv pou Akomodasyon Piblik sou Egzijans Enplemantasyon Ekitab Vaksen kont COVID-19 la) Vil la te kreye tou yon lis kontwòl ke patwon yo kapab itilize pou asire y ap trete demann akomodasyon rezonab anplwaye yo yon fason ki apwopriye: <https://www1.nyc.gov/assets/doh/downloads/pdf/covid/vaccination-workplace-accommodations.pdf>

### **Ki kote kliyan yo oswa pèsònèl la ka depoze plent pou diskriminasyon?**

Moun yo gen dwa pou yo pa sibi diskriminasyon ni asèlman nan biznis yo. Kontakte Komisyon Vil New York pou Dwa Moun (NYC Commission on Human Rights) sou [NYC.gov/HumanRights](http://nyc.gov/HumanRights) oswa nan 311.

### **Resous pou Biznis yo**

#### **Èske genyen seminè sou entènèt ki disponib pou ede mwen konprann konsèy sa yo?**

Wi. Ale sou [nycsmallbizcourses.eventbrite.com](https://nycsmallbizcourses.eventbrite.com) epi chèche “Key to NYC Guidelines and Resources to Help Your Business” pou w jwenn seminè vityèl sou entènèt ki pral eksplike ou direktiv yo ak lòt resous ki disponib pou ede biznis ou an.

#### **Èske gen yon finansman pou ede mwen peye frè anplis ki gen pou wè ak manda sa a?**

Vil la gen Sant Solisyon pou Biznis Vil New York nan toule senk (5) minisipalite yo ki kapab mete ou an kontak ak resous gratis yo. Yo travay avèk plis pase 40 kreyansye epi yo kapab pale sou opsyon finansman ki bon pou ou a. Ale sou <http://www.nyc.gov/financingassistance> oswa rele liy dirèk SBS la nan 888-SBS-4NYC pou jwenn plis enfòmasyon.

#### **E si mwen bezwen anboche plis pèsònèl?**

Sant Workforce1 Vil la nan toule senk (5) minisipalite yo epi yo kapab ede mete ou an kontak gratis ak nouvo talan yo epi fòme pèsònèl ou genyen kounye a. Jwenn plis enfòmasyon sou <http://www.nyc.gov/financingassistance> oswa lè ou rele liy dirèk SBS la nan 888-SBS-4NYC pou jwenn plis enfòmasyon.

### **Aplikasyon**

#### **Kisa biznis prive yo ta dwe fè lè kliyan yo refize kolabore?**

Biwo Pwosè ak Odyans Administratif (Office of Administrative Trials and Hearings) afiche yon seminè sou entènèt (<https://www1.nyc.gov/site/oath/conflict-resolution/conflict-resolution.page>) ki prezante pi bon pratik pou fòmasyon sou rezolisyon konfli ant kliyan yo ak biznis yo. Biznis prive yo ta dwe rele 911 pou yo denonse yon sitiyasyon ijans oswa pwoblèm ki ka mete lavi moun oswa byen pèsònèl yo an danje.

#### **Kijan yo pral fè aplike egzijans Key to NYC yo?**

Enspektè ki soti nan divès ajans Vil la ap fè aplike egzijans *Key to NYC* depi 13 septanm 2021. Tout enspektè, kèlkeswa nan ajans yo soti a, ap fè enspeksyon pou wè si yo respekte menm egzijans *Key to NYC* yo.

**Èske genyen sanksyon pou etablisman ki pa respekte egzijans yo?**

Apati 13 septanm 2021, yon etablisman yo jwenn ki pa respekte egzijans yo ka gen pou peye yon amann ki se \$1,000. Vyolasyon yo repete yo ka lakoz ogmantasyon montan amann lan oswa lòt mezi aplikasyon.

**Kiyès mwen kapab rele pou poze kesyon oswa si mwen gen enkyetid sou enspeksyon?**

Rele liy dirèk Sèvis pou Ti Biznis lan nan 888-SBS-4-NYC.

**Pran Vaksen**

**Ki kote mwen kapab jwenn plis enfòmasyon sou vaksen kont COVID-19 la?**

Vaksen kont COVID-19 la san danje, efikas epi gratis. Jwenn plis enfòmasyon sou [nyc.gov/covidvaccine](https://nyc.gov/covidvaccine) oswa lè w rele 311.

**Ki kote anlwaye mwen yo kapab pran vaksen?**

Pou w jwenn yon sant vaksen, ale nan Vaccine Finder ([nyc.gov/vaccinefinder](https://nyc.gov/vaccinefinder)) rele nan 877-VAX-4NYC (877-829-4692) pou w jwenn yon kote ki toupre ou oswa pou pran yon randevou.